



*Cò ponpye, Vil New York*  
EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

## GAZ NATIRÈL

# Sekirite gaz natirèl



SI W KWÈ KE W PRAN SANT GAZ

OSWA OU SISPEK KE GEN YON FUIT GAZ

- Louvri pòt ak fenèt yo pou fè lè rantre.
- Pa limen ni etenn okenn aparèy elektrik ni swich.
- Pa eseye chèche kote fuit la ye.
- Pa sèvi ak ni telefòn kay la ni telefòn selilè andandan kay la.
- Pa ni fimèn ni limen alimèt oswa brikè.
- Sòti nan kay la, lè ou rive yon bon distans rele 911.

**Y**o sèvi ak gaz natirèl pou alimante plizyè bagay nan kay, tankou aparèy pou kuison, chofaj ak seche rad.

Byen ke sa pa rive souvan, yon fuit nan tiyo gaz natirèl ekstrèmman danjere paske li ka pwobableman lakòz yon eksplozyon.

Gaz natirèl pa gen odè pa li, donk pou rezon sekirite, yo ajoute yon bagay ki bay li on odè tankou ze pouri. Sant ze pouri sa ede w detekte ata pi piti fuit gaz la.

*Pa janm ezite*

**RELE 911**

*si w pran sant gaz!*

**SOUS PWOBAB KOTE GAZ NATIRÈL  
KA FUIE NAN KAY**

FLÀNM PILÒT FOU A GAZ LA, RECHO A GAZ AK APAREY POU CHOFE DLO



ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD  
NY**

**MISYON NOU SE SEKIRITE W**

**AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865**

